# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 मार्च 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि कृषि भारतीय अर्थव्यवस्था क रीढ़ हवे आ लमहर समय के विकास जतरा क खास स्तम्भ हौ। कृषि आ ग्रामीण परिवर्तन बिसय पर बजट बाद वेबिनार के सम्बोधित करत श्री मोदी कहलें कि सरकार कृषि क्षेत्र के मजबूत करे बदे नियमित रूप से कई गो कदम उठवले हौ। प्रधानमंत्री मोदी रसायन मुक्त खेती आ प्राकृतिक खेती के मजबूत कइले के सथहीं निर्यात पर धियान दिहले पर जोर दिहलें। उहां के कहलीं कि केन्द्रीय बजट–दुइ हजार छब्बीस–सत्ताइस में उच्च मूल्य कृषि उत्पादन पर खास धियान दीहल गइल बा।

**एमएसपी में हुए रिफॉर्म से अब किसानों को डेढ़ गुना तक रिटर्न मिल रहा है। इंस्टीट्यूशनल क्रेडिट कवरेज 75 प्रतिशत से अधिक हो चुका है। पीएम फसल बीमा योजना के तहत लगभग 2 लाख करोड़ रुपए के क्लेम सेटल किए गए।**

श्री मोदी कहलें कि सरकार तीनि करोड़ लखपति दीदी तइयार कइले क लक्ष्य सफलतापूर्वक हासिल कइ लिहले हौ।

**लखपति दीदी अभियान की सफलता को भी हमें नई ऊंचाई देनी है। अभी तक गांव की तीन करोड़ महिलाओं को लखपति दीदी बनाने में हम सफल हो चुके हैं। अब 2029 तक 3 करोड़ में और 3 करोड़ जोड़ना है। ये लक्ष्य और तेजी से कैसे प्राप्त किया जाए, इसे लेकर भी आपके सुझाव महत्वपूर्ण होंगे।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में पचास क्विक रिस्पॉन्स टीम– क्यूआरटी गाड़ियन के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि इंफ्रास्ट्रक्चर, टेक्नोलॉजी आ मोबिलिटी मॉडल पुलिसिंग क तीनि गो स्तम्भ हौ। उहां के कहलीं कि आपातकालीन हालति में क्विक रिस्पॉन्स से लोगिन के पुलिस पर भरोसा बढ़े ला।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु कानोपुर के दौरा पर पहुंचलें। ओइजा उहां के चंद्रशेखर आजाद कृषि आ प्रौद्योगिकी विश्वविद्यालय में अमर शहीद चंद्रशेखर आजाद के मुरती पर फूल चढ़वलीं। येह दौरान मुख्यमंत्री अमर शहीद के पावन स्मृतियन के सरधापूर्वक नमन कइलें।

**********

स्वास्थ्य मंत्री जगत प्रकाश नड्डा कहले हवें कि सर्विकल कैंसर क जल्दिये पहिचान, रोकथाम आ समय पर इलाज उपलब्ध करावे बदे पुरहर नीति अपनावल गइल हौ। विश्व स्वास्थ्य संगठन क महानिदेसक के साथे काल्हि उहां के मीडिया के सम्बोधित कइलीं। येह मौका पर श्री नड्डा कहलें कि तीस से पैंसठ बरिस के उमिरि क महिला लोगिन बदे येह बेमारी के पहिचान क सुविधा देस के आयुष्मान आरोग्य मंदिरन आ अउरियो स्वास्थ्य केन्द्रन में उपलब्ध बा। येह दौरान सर्विकल कैंसर से बचाव के बारे में प्रस्तावित टीकाकरण अभियान के ले के जनकरियो दीहल गइल।

***टीकाकरण अभियान 90 दिन तक चलेगा। टीके की खुराक नामित सरकारी स्वास्थ्य केंद्रों, आयुष्मान आरोग्य मंदिरों, सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्रों, उप जिला अस्पतालों, जिला अस्पतालों और सरकारी मेडिकल कॉलेजों तथा अस्पतालों में निःशुल्क उपलब्ध रहेगी। टीकाकरण के बाद किसी भी तरह का स्वास्थ्य संबंधी प्रतिकूल प्रभाव होने की स्थिति में चिकित्सा अधिकारी से संपर्क किया जा सकता है।***

**********

अखिल भारतीय आयुर्विज्ञान संस्थान–एम्स गोरखपुर क त्वचा रोग विभाग दुइ गो नया बिसेस क्लिनिक कै सुरूआति कइले हौ। येह दुन्नो क्लिनिक के जरिये बाल त्वचा रोग आ सम्पर्क अलर्जी से परभावित मरीजन के उच्च स्तरीय चिकित्सा आ परामर्स सुविधा उपलब्ध करावल जाई। एम्स गोरखपुर के त्वचा रोग विभाग क अध्यक्ष डॉ सुनील कुमार गुप्ता बतवलें कि येह क्लिनिक के मददि से लइकन आ अलर्जी परभावित मरीजन क समय पर सटीक इलाज कइल जा सकी।

**********

पश्चिम एशिया में जारी संघर्स के देखत इंडिगो एयरलाइन पश्चिम एशिया आ इस्तांबुल से आवे–जाये वाले उड़ानन क टिकट रद्द करवले पर मिले वाला पूरा छूट एकतीस मार्च ले बढ़वले क घोसणा कइले हौ। एगो रिपोर्ट–

***इंडिगो ने बताया कि एयरलाइन ने यात्रियों को सलाह दी है कि यदि उनकी यात्रा निर्धारित है तो वे उड़ान की स्थिति के बारे में अपडेट रहें। साथ ही, अतिरिक्त सहायता या स्पष्टीकरण के लिए यात्री ग्राहक संपर्क केंद्र के नम्बर 91 124 617 3838 पर कॉल कर सकते हैं। पश्चिम एशिया में जारी तनाव को लेकर परामर्श भी जारी किया किया गया है। इसके अनुसार पश्चिम की ओर जाने वाली अंतरराष्ट्रीय उड़ानों में देरी हो सकती है अथवा उनके समय में बदलाव भी हो सकता है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

मौसम विभाग आवे वाला बारह मार्च ले मौसम सुस्क रहले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक अगिला पांच दिनन के दौरान अधिकतम तापमान में धीरे–धीरे दुइ से चारि डिगिरी सेल्सियस तक क क्रमिक बढ़ोत्तरी होई।

**********